# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–05 जुलाई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी त्रिनिदाद अउर टोबैगो क सफल यात्रा के बाद पांच देसन क यात्रा के तिसरका फेरा में आजु भिन्नहीं अर्जेंटीना क राजधानी ब्यूनस आयर्स पहुंचि गइल हवें। अर्जेंटीना के बाद प्रधानमंत्री मोदी ब्राजील क यात्रा पर रवाना होइहें। श्री मोदी बिहने ब्रिक्स शिखर सम्मेलन में सामिल होइहें अउर ब्राजील क राष्ट्रपति लुइज इनासियो लूला दा सिल्वा आ अउरियो वैस्विक नेता लोगिन के साथे बइठकी करिहें। ब्राजील में भारत क राजदूत दिनेश भाटिया आकाशवाणी से खास बातचीत में कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क ई राजकीय यात्रा बहुते महत्वपूर्ण हौ।

***करीब 57 वर्ष के बाद में भारत के प्रधानमंत्री की ब्राजील में स्टेट विजिट होने वाली है और इस समिट में दोनों लीडर्स राष्ट्रपति लूला और प्रधानमंत्री मोदी जी यहां बैठकर कई विषयों पर चर्चा करने वाले हैं जिसमें एक राजनीतिक चर्चा तो होगी उसके अलावा ट्रेड इन्वेस्टमेंट की बात होगी रक्षा क्षेत्र की बात होगी, माइनिंग मिनरल्स की बात होगी क्योंकि ब्राजील के पास में क्रिटिकल मिनरल्स और रेयरेस्ट मिनरल्स की बहुतायत है यहां पर, उसके अलावा साइंस एंड टेक्नोलॉजी एग्रीकल्चर रिसर्च ऐसे कई मुद्दों पर यहां पर दोनों लीडर्स के बीच में बात होगी।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी प्रदेस के सम्भल में काल्हि भइल दुरघटना में जान गंवावे वाले लोगिन के प्रति संवेदना जतवले हवें। श्री मोदी प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राजकोस से हर मृतक के परिजन के दुइ लाख रूपिया अउर घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया क अनुग्रह रासि दिहले क घोसणो कइले हवें। काल्हि देर राति सम्भल जिला के मेरठ–बदायूं हाईवे पर जुनावई थान्हा क्षेत्र में बरातियन से भरल एगो कार एगो स्कूल के देवालि से लड़ि गइले से दुलहा के सथहीं पांच लोगिन क मउति हो गइल रहे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बौद्ध अउर सिख सरधालुअन क धारमिक जतरा क ओम्मेद पूरा करे बदे एगो बड़हन फैसिला लिहले हौ। आजु लखनऊ में अपने सरकारी आवास पर एगो महत्वपूर्ण बइठकी में मुख्यमंत्री बौद्ध अउर सिख सरधालुअन बदे बिसेस योजना सुरू करे क निरदेस दिहलें। एगो रिपोर्ट–

***प्रदेश सरकार ने बौद्ध और सिख श्रद्धालुओं के लिये दो तीर्थयात्रा योजनायें शुरू की है। बौद्ध श्रद्धालुओं की विशिष्ट तीर्थयात्राओं के लिये बौद्ध तीर्थ दर्शन योजना और सिख श्रद्धालुओं के लिये पंच तख्त यात्रा योजना प्रारम्भ की जायेगी। दोनों की योजनाओं में प्रतिव्यक्ति न्यूनतम दस हजार रूपये की राशि अनुदान के रूप में दी जायेगी। आकाशवाणी समाचार कक्ष से मैं रीतेश।***

**********

मुख्यमंत्री क जनता दर्सन में राजस्व से जुड़ल मामिलन क आवे वाले सिकाइतिनि क जांचि अब लेखपाल नाहीं करिहें। मुख्यमंत्री कार्यालय में येह बारे में मण्डलायुक्तन अउर जिलाधिकारियन के निरदेस दीहल गइल हौ कि अइसन सिकाइतिनि क जांचि अब नायब तहसीलदारन से करावल जाय। नायब तहसीलदारन के जांचि पर उप जिलाधिकारी आपन रिपोर्ट तइयार कइ के ओके ऑनलाइन अपलोड करिहें।

**********

पौधरोपण महा अभियान दुइ हजार पचीस के तहत मुख्य आयोजन नौ जुलाई के होई। सरकार येही दिन्ने सैंतीस करोड़ से बेसी पौधा लगवले क लक्ष्य तय कइले हौ। येह मौका पर प्रदेस के सज्जो गऊसाला में गोपाल वन क स्थापनों कइल जाई। गऊसाला में छायादार अउर चारा प्रजाति क पौधा लगावे क निरदेस दीहल गइल हौ।

**********

उत्तर प्रदेश कौशल विकास मिशन की ओरि से पनरह जुलाई के पूरा प्रदेस में विश्व युवा कौशल दिवस मनावल जाई। व्यावसायिक सिक्षा, कौशल विकास अउर उद्यमसीलता विभाग क राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार, कपिलदेव अग्रवाल बतवलें कि येह आयोजन के जरिये नौजवानन के कौशल आधारित ट्रेनिंग आ रोजिगार से जोड़ले के दिसा में खास पहल कइल जाई। युवा कौशल दिवस क मुख्य कार्यक्रम में सफल प्रसिक्षुअन के सम्मानित कइल जाई अउर उन्हें मंच पर आपन सफल कहानी साझा कइले क मौका मिली।

**********

गोरखपुर जिला में मकई क खेती के बढ़ावा देवे बदे कृषि विभाग खास योजना तइयार कइले हौ। संयुक्त कृषि निदेशक डॉक्टर अरविंद कुमार सिंह बतवले हवें कि येह बेरि तीनि हजार छौ सौ पचीस एकड़ में संकर मकई क खेती बदे दुइ सौ चालीस कुंतल बीया किसानन के सौ फीसदी अनुदान पर उपलबध करावल जाई। ई कार्ययोजना त्वरित मक्का विकास कार्यक्रम के अन्तर्गत बनावल गइल हौ।

**********

आजु मुहर्रम क नौवीं तारीख हौ। येह मौका पर राति में गोरखपुर के सथहीं कई जिलन में हजरत इमाम हुसैन के यादि में जलूस निकारल जाई। जबकि बिहने दसवीं मुहर्रम पर आखिरी जलूस अउर कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइल जाई। येह बिच्चे नौवीं अउर दसवीं मुहर्रम क जलूस के देखि के प्रदेस क सज्जो जिलन में सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हौ। गोरखपुर के सथहीं कई गो सहरन में यातायात व्यवस्थो में बड़हन बदलाव कइल गइल हौ।

**********